

CHIEDZA CHIKURU

CHINOPENYA

 Chidzidzo changu mangwanani ano chinowanikwa muTestamende Itsva. Kutanga pachava nekuverengwa kweRugwaro kubva muna Mateo 1...chitsauko 2, kutanga nevhesi 1. Uyezve zvakare ndinoda kutora, sechidzidzo, kubva muchitsauko 4, zvakare nevhesi 14 ne 15. Ndinoda kuverenga Shoko, nokuti Shoko ndiMwari.

Zvino Jesu akati aberekwa muBheterehema reJudhea pamazuva amambo Herodhi, tarira, kwakauya vachenjeri vachibva kumabvazuva vachiuya kuJerusarema,

Vachiti, Aripiko uyo akaberekwa Mambo wavaJudha? nokuti takaona nyeredzi yake kumabvazuva, zvino tauya kuzomunamata.

² Zvino muchitsauko 4 uye ndima 14, ichitaura pamusoro pemuporofita:

Kuti zvizadziswe zvakarehwa nemuporofita Isaya, achiti,

Nyika yaZabhuroni, nenyika yaNafutari, panzira yegungwa, mhiri kwaJorodhani, Garirea raMarudzi;

Vanhu vakanga vagere murima vakaona chiedza chikuru; nekune avo vakanga vagere munzvimbo dzemimvuri yorufu chiedza chabuda.

³ Ndinoda kutora chidzidzo changu kubva...sekudai: *Chiedza Chikuru Chinopenya*. IGwaro risina kujairika zvikuru.

⁴ Uye, panguva ino, vanhu kazhinji vakaparidza zvakanyanya pamusoro pezvekuti “hapana nzvimbo muimba yeVaeni,” pamwaka wekrisimasi, na “Josefa naMaria,” ne—ne “kuberekwa kwaIshe Jesu.” Nezuro ndaifunga kuti ndaizozedza kusvika kwazviri nenzira yakasiyana, neiyo vazhinji venyu yamunonzwa mumaredhiyo nematerevhizheni enyu.

⁵ Uye ndichifunga kudaro, izvi zvakauya mupfungwa dzangu, pamusoro pevachenjeri ava neNyeredzi. Uye chakandibata chaiva, chekuti, ko muchenjeri anombovei nechekuita naKristu? Naizvozvo, nekuverenga vazhinji vevanamuzvinafundo vekare-kare, husiku hwadarika, nguva dzaenda, kusvika ndatozokotsira padhesiki, ndichiedza kutsvaga chimwe chinhu chingaunza kachiedza kadiki pachidzidzo chanhasi.

⁶ Zvino, chinhu chisina kujairika kutaura pamusoro pezvinhu izvi, nekuti, zvisinei hazvo, Mwari havajairike. Mwari vanoita

zvinhu nenzira isina kujairika, uye dzimwe nguva panguva isina kujairika, nokuti haVajairike zvachose. Uye avo vanoVashumira havana kujairika; vanhu vakatosiyana.

⁷ Saka apo isu, panguva ino yemwaka, patiri kuisa pfungwa dzedu paKrisimasi, zvakaipa kwazvo kuti tinotoona nyaya yacho sengano yeanonzi “Santa Claus,” panzvimbo yeKrisimasi yechokwadi izvo zvainofanira kuva. Vana vadiki vazhinji munyika nhasi havazive chimwe chinhu kunze kwekuti Krisimasi inoreva “chireyi chakazara nematoyizi, nedzimwe mhembwe dzisinganzwisike dzichimhanyira pamba,” vachizoziva gare-gare nezvengano iyi; ichitokanganisa kutenda kwavo, kana vazosvika pakuziva nyaya yechokwadi yeKrisimasi, kuti yaiva isinei nechekuita nemhembwe, kana murume anosvuta chikwepa, nemvere dziri pabhachi rake.

⁸ Kwaiva kuberekwa kwaIshe wedu Jesu akaropafadzwa. Uye hazvitombojairiki kuona kuti Mwari vakashanda sei nenzira iyi, nokuti hapana imwe nguva ingadai yakashanda, munhoroondo yose yepasi rose. Zvaitofanira kuva panguva ino chaiyo. Uye zvino kwechinguvana ngatingotarisei chaipo pamwaka wacho.

⁹ Paiva nguva iyo Herodhi, mhondi, aive mambo. Zvaitofanira kuti, murume uyu ane hutsinye ange ari mambo panguva iyoyo, nekuti tinoziva Magwaro akati iye “akauraya vana vose kubva pamakore 2 okuberekwa zvichidzika,” achiedza kuti awane Kristu. Uye zvaifanira kuva panguva iyoyo chaiyo.

¹⁰ Uye zvakare paifanira kuva, panguva iyoyo, kuti pakave nenyaya yekutereswa kwevanhu, kuti zvizokonzera Maria naJosefa kuti vadzokere kuguta rekumusha kwavo reBheterehema kwavakanga vakanyoreswa, uye kuzvarwa kwavo kwaiva mumagwaro ematare uye nemutemberi, kuti vatereswe. Zvino Kristu aifanira kuzvarirwa muBheterehema, uye vaiva mamaira mazhinji kure kwazvo izvi pazvakaitika.

¹¹ Zvino takacherechedzwa patsekwende dzavakapfuura nemadziri, kuti vasvikeko. Zvino vakanga vasina amburenzi huru, yakanaka ine mutepfetepfe yekuendeswa Maria kumusoro ikoko. Uye vakanga vasinayo sanhasi, zvekuti tingadai takava neimwe mhando yepembedzo. Waiva murairo wamambo. Hapana pembedzo dzinoitwa. Zvinofanira kuzadzikiswa. “Mambo vakataura kudaro!” Zvisinei nezvinhano zvake, kana chii zvacho, vanofanira kudzokera kumusha kwavo. Pasina kana mutepfetepfe kuna amai vadiki ava vaitarisira. Uye pasina zvekufambisa; kunze kwetsoka chete, kana kumusana kwembongoro diki.

¹² Uye tinoudzwa kuti Josefa akatora Maria, amai ava vaitarisira chero nguva, ndokuva isa pamusana wembongoro diki. Uye kana paine akambotasva mbongoro, anoziva kuti kufamba kwakaomarara kwadii ikoko. Kamuchinda kadiki, kachifamba nenzira yakamanikana inopinda nepamusoro

pemakomo, vachiuuya kuBheterehema, kubva zasi kweJudhea, nzira yakaomarara kwazvo pamwe nekukwasharara. Ko dai mbongoro diki iyi yainge isina kudzikama pamafambiro, uye yainge yakawa pamwe naamai ava vaitarisira?

¹³ Kana kuti, mumazuva aifamba vanhu vazhinji vachiuuya kumusha kwavo, nyika yese yaishanda, izere nevapfuuri nevafambi, vaidzokera kumusha kwavo, chimiro chakanakira makororo kwazvo mumazuva iwayo. Pavaiona tumapoka twevanhu vadiki; vatasvi vemabhiza, makororo vangadai vakatasva vachitopindamo chaizvo vovauraya, votora zvinhu zvavo votoenda. Chaive chinhu chakadii kuvaviri ava vakaroorana vechidiki, chavaifanira kutarisana nacho, uye kuti zvaizove zvakadii!

¹⁴ Uyezve, ko dai zvimwe zvikara zvesango, apo kwaiva neshumba nemhuka dzesango zhinji dzinoparadza, dzaifambafamba mumagwenga avaiyambuka. Ko dai chikara chesango chakaenda kuboka diki iri, ko Josefa angadai akaitei netsvimbo muruoko rwake, nemudzimai aisatogona kufamba zvachose? Ndizvo zvavaitarisana nazvo izvozvo.

¹⁵ Asi zvinotipa nyaradzo kuziva izvi, kuti handisu takabata magumo edu. Mwari vakabata magumo edu. Uye Vakazvigadza kuti zvine saizvozvo, uye hapana chinhu chichazombokanganisa hurongwa hwaMwari. Tinotosvika chete.

¹⁶ Uye paisatombova nekutya. Uye zvakadaro zvichida Maria naJosefa, ivo pachavo, vachingova vanhuwo zvavo, vasina kudzidza. Uye vakanga vasina nzira yekuziva nayo kuti zvinhu izvi, zvakanga zvichiitika panguva iyoyo chaiyo, zvaitozadzisa Magwaro.

¹⁷ Uye ndizvo zvimwe chetezvo nhasi. Zvinhu zviri kuitika muzuva rino ratiri kurarama mariri, uye vazhinji vedu hapana chatinoziva nezvazvo, kuti Mwari vari kufamba sei.

¹⁸ Ndichangobva mukubvunzwa nemumwe wemadzimai anorekodha mukamuri muno, kuti ndiriinhi pandiri kuzotaura pamusoro pechidzidzo ichocho, chechinyorwa, nemasputnik muchadenga. “Ingava Svondo inotevera here?”

Ndikati, “Handizeve.”

¹⁹ Asi, oo, kuona kufukidza kwenguva ino yerima, ruoko rukuru rwaMwari rwuri kuramba rwuchifamba rwakadzikama. Hapana chichaRwumisa.

²⁰ Uye tinogona kuona sezvazvaive, nhasi uno, apo mbongoro diki nevafambi 2 ava pakupedzisira vachizosvika. Apo pavaiuya nehusiku, vachipfuura nemumagwenga, kwaipisa zvikuru! Uyezve ngatitii vakagara chaipo pagomo diki riri kumabvazuva kweBheterehema.

²¹ Bheterehema riri mumupata, uye pane rimwe gomo diki. Uye mugwagwa unopinda muBheterehema, unobhenda

wakananga kumabvazuva kweBheterehema, wodzika uchipinda muguta. Pedyo nepakona, paunosvika pakevhi yekupedzisira, kuti uchitanga kudzika chikomo, pane murwi mukuru wemazitombo-tombo aripo. Uye zvinofungwa navanyori venhoroondo kuti zvichida Maria naJosefa vakambomira ipapo kuti vambotura befu zvishoma vasati vadzika muguta husiku ihwohwo.

²² Ngationei Josefa, nekubata kwake kunyoro-nyoro, anotakura mwenga wake mudiki kubva pambongoro omubatsira kudzika pasi, omutora nekumugadzika pasi padombo, oti, “Mudiwa, heroka guta diki, riri zasi kwepatiri, umo zvichida muchazvarirwa mudiki wedu mutsva.”

²³ Ndinogona kungofungidzira ndichiona nyeredzi dzichivaima zvishoma nekupenya, pavaagara vakatarisa napamusoro peBheterehema, kune ravo...kumabvazuva kwavo. Uye pavaagarapo, vachinetseka mupfungwa vakatarisa nyeredzi; kure, mazana emamaira kumabvazuva kweipapo, kwaiva nechimwe chiitiko chaitoitika.

²⁴ Munoziva, Mwari vanoshanda nemuchadenga raVo. Vanoita kuti zvinhu zviitike mune imwe nyika, uko kwaVari kuzviita kuti zviumbika, zvigozosangana mune imwe. Ikoko tinoona, kure kumabvazuva, sezvatinoudzwa nevanyori venhoroondo vazhinji, kuti machinda aya, vachenjeri, sekuziva kwatinovaita.

²⁵ Nhasi vaizova, tingati, vanodanwa kunzi, “vanzveri vezvemuchadenga,” kwete mupfungwa yevauki; asi pane kumwe kutevedzera kunzvera zvemuchadenga kwenhema, kunonzi vauki. Uye vanhu vanomhanyira kuzvinhu izvozvo, zvinova chenhema chinotaridzika semunzveri wezvemuchadenga wechokwadi.

²⁶ Hampton akatiudza, munyori mukuru wenhoroondo, kuti zvaiva...Vaiva vaMedhia nevaPeresia, vanzveri vezvemuchadenga ava. Ngatirondei hupenyu hwavo kwechinguvana. Uye tinoona kuti vaMedhia nevaPeresia vakava neruzivo rweEvhangeri yaShe wedu pavaive zasi muBhabhironi. Makore ekumashure, munguva yaMambo Nebhukadhinezari, vaiva nevanhu vakadaro sevanzveri vezvemuchadenga, vaitarisa nyeredzi nezvisikwa zvemuchadenga. Uye vaigona kuziva nezviratidzo nekufamba kwenyeredzi, pamusoro pezvimwe zvinhu zvaizoitika.

²⁷ Uye madzimambo emazuva ekare vaibvunza varume vakadaro kuti vazive pamusoro pezviitiko nezvinhu zvaizotora nzvimbo. Mwari vanogara vachizviratidza nezvisikwa zvaVo zvemuchadenga Vasati vazvizivisa kunyika. Mwari vanozvinyora mumatenga.

²⁸ Uye nyeredzi yatinotarisa, zvino tinofunga nezvadzo setwunhu tune makona 5 mumatenga, asi, zvadziri, dzinotova

nyika dzakatokura kupfuura ino nekure, dzinoratidza chiedza chezuva.

²⁹ Uye vanhu ava zvirokwazvo vakava neruzivo rweEvhangeri mumakore ehutapwa hweIsraeri, hwemakore 70 munyika yevaKaradhea, uye, zvirokwazvo, Dhanieri akatoitwa mukuru wevachenjeri ava. Muporofita, nehuchenjeri hwake hukuru hwekuziva magumo ezvinhu, uye nekuziva zvaizoitwa naMwari, uye akanzi mukuru wevachenjeri. Uye vachenjeri vaiva nemagwaro ekare avairava, emadzibaba avo ekare. Uye Dhanieri anobva aunza Zvinyorwa zvaShe.

³⁰ Zvino saka tinonzwisisa kuti panguva iyi vakanga varangana zvizhinji pamwe chete, uye vakanga vaona huchenjeri nesimba zvakabuditswa naMwari mumwe chete wechokwadi, zvaipfuurira munzveri wezvemuchadenga chero upi zvake kana muchenjeri. Zvakazviratidza pachena pahusiku hwaMambo Nebhukadhinezari . . . kana kuti padhanzi raBheteshazari, kuti, hapana kana mumwe wevaKaradhea kana vanzveri wezvemuchadenga aigona kuverenga chinyorwa ichi pamadziro. Asi Dhanieri, kubudikidza neMweya nesimba raMwari mupenyu, akakwanisa kuzviita. Uye zvinyorwa zvake zvakachengetwa zvakayereswa, uye zvichakadaro kusvika nhasi.

³¹ Zvino tinovadana, kumabvazuva . . . Ndakava nemukana wekutura navo kuIndia. Uye vava kunzi zvino maMohamedhi. Asi zvechokwadi vaiva vaMedhia nevaPeresia. MaIndia vanonzi . . . Ndinotenda kuti vanovadaidza kuti vasina kuchena. Uye vaMedhia nevaPeresia ndivo chaizvo maMohamedhi. Uye ndivo vacho vakanga vaina Mambo Nebhukadhinezari pakutanga. Uye vachenjeri vavo vakuru vaiva vadzidzi vakanzvera zvinhu zve—zvepanyama, kuzivisa zvinhu zvepamweya zvaizoitika.

³² Saka mumazana emakore akareba aya, nezvinyorwa zvedzidziso dzaDhanieri, nezvimwe zvakadaro, vakanga vazvichengeta.

³³ Uye zvavaizoita, munguva dzekutanga dzemanheru, vaikwira muMakomo eAssay[?]. Uye kumusoro kuno vaiva nemuzinda wakachengetedzwa. Uye mumuzinda uyu maiva nenhare yevachenjeri. Uye vaizova nemutambo wavo wefujadous[?]. Uye mushure memutambo uyu vaibuda kunze padenga repamusoro, kana kuti pavharanda, uye ipapo vozoenda kune imwe shongwe yekuongorora zvemuchadenga mushure mekuvira kwezuva. Uye sezvinowanzoitwa nemaMohamedhi, vanogwadama kuzuva vobva vadanidzira kuti, “Allah! Allah!” Uye nguva zhinji vanozviropafadza pachavo nemvura dzinoyera, nezvimwe zvakadaro, kunyange kusvika nhasi. Kazhinji, chavainyanyoyereswa zvikuru, waiva moto. Vaitenda kuti Mwari uyu mumwe chete wechokwadi aigara mumoto.

³⁴ Uye zvinoshamisa kuziva kuti Mwari mumwe chete wechokwadi mupenyu anogara muChiedza, uye Iye Moto unoparadza.

³⁵ Kuti izvo vaipisa moto yakayereswa iyi! Zvino vaitarisa moto uyu, nokuti vaitenda kuti Mwari mumwe chete wechokwadi aigara mumoto uyu, uye aiZviratidza paChake kwavari. Uye moto wacho waipfuta zvakananyisa kujeka chi—chiedza chezuva pachainge chanyura.

³⁶ Saka vaizobuda pashongwe iyi yekuongorora, votarisa mudenga. Uye vaive vakadzidziswa zvakanaka. Uye vaiziva kufamba kwese kwezvisikwa zvikuru zvenyeredzi dzemuchadenga. Vainyatsotarisisa kufamba kwese.

³⁷ Oo, dai Makristu aingodaro! Kwete kutarisa nyeredzi, asi kutarisa Shoko raMwari Richibhedhenuka. Dai taingozvicherechedza nhasi, uye toona kuti Mwari vakavimbisa sei muzuva ranhasi zvinhu zvatinotsigira nehumhare. Mwari vakavimbisa kuita zvinhu izvi, sekupodza vanorwara nekuita minana mikuru.

³⁸ Dhanieri mumwe chete akavadzidzisa nezvezwiitiko zvacho, akataura, kuti, “Mumazuva ekupedzisira vanhu vanoziva Mwari wavo vachaita mabasa makuru.” Magwaro iwayo anofanira kuzadzikiswa. Kana tikangotsvaga bedzi! Uye kana mukacherechedza, Mwari vanongoZvizarura bedzi kune avo vanotsvaga nekushuvira kuVaona. “Swederai pedyo neNi, uye Ndichaswederawo pedyo nemi,” ndizvo zvinotaura Ishe. Uye dzimwe nguva Mwari vanorega zvinhu zvichiitika kuti tigoswederai pedyo naVo. Nekuti Mwari zvechokwadi vakagadza kuti zvimwe zwiitiko zwiitike, uye zvinozobhedhenuka bedzi pazvinopedzwa nezvazvo newachi yaVo huru yenguva.

³⁹ Uye pamusoro, tichati, humwe husiku, mushure mekunge mhemberero yapera, uye vainge vatopfugamira kudoka kwezuva, boka redu rinokwira mushongwe yekuongorora iyi. Zvino apo zvisikwa zvikuru zvemuchadenga zvotanga kuoneka mudenga, zvinyorwa zvekaresa, zvevachenjeri, zvakaburitswa. Ndokubhedhenurwa, zvino vakatarisa mazviri, ndokuti, oo, pane zvimwe zvinhu zvakananotaurwa. Zvino chidzidzo, zvichida, chakaenderera mberi kwenguva refu, chekuwa kukuru kwehumambo huzhinji, uye nekuwondomoka kwehumambo hwavo hukuru, zviyero zvegaro evanhu, nehondo, avo vakanga vabvarura nyika nekuishambidza neropa rehama dzavo. Zvino sevanhu vemweya vanongonzwisisa zvinhu zvemweya bedzi; kuti kubhedhenurwa kwemazuva makuru akapfuura, nekunyadziswa kwavo, apo moto unoyera wakananzva nzira yawo mudenga uye ndokunyangadika, kumiririra Mwari mumwe chete wechokwadi mupenyu.

⁴⁰ Zvino husiku pahwakasvika pachikamu chepakati, toti, 10 o'clock kana 11, boka iri paraive rakagarapo, zvichida

vachiimba nziyo dzavo, kana kuti zvichida vainge vachinamata. Hatizive chaizvo zvavaiita, uye vanyori venhorondo havanyatsozvjekesa. Asi, zvisinei hazvo, vanofanirwa kunge vaiva nemaonero epamweya, nokuti Mwari vanonamata pane kubatana pamwe nemweya.

⁴¹ Mwari vachauya kwatiri mangwanani ano. Vachachengetedza hupenyu hwekasikana aka kanodikanwa, uye nevazhinji venyu pano zvichida vari kufa nekenza nezvimwewo zvirwere, kana tikangokwanisa bedzi kupinda muhumwe hwepamweya neShoko raVo uye pamwe naVo. Mwari vachazvizarura pachaVo. Vanogara vachidaro.

⁴² Munzira inoenda kuEmausi, mushure merumuko, paingova apo Teofiro neshamwari yake vakatanga kutaura naYe, uye Magwaro akataurwa nezvawo, uye Mwari muna Kristu vakaZvizarura kwavari. Uye zvakare munzira vachidzokera, vakati, “Mwoyo yedu haina kutsva here mukati medu tichitaura naYe munzira?” Pane chimwe chinhu pamusoro pekutaura nezveShoko!

⁴³ Zvino muzvinyorwa zvavo zvekare, pavaiverenga nezvevachenjeri vakasiyana-siyana vakange vafa. Uye handigoni kududza Bhaibheri ravo panguva ino, kana kuti vakaridana kuti Zedakoah[?], chimwe chinhu chakada kudaro, ravaiverenga nekudzokera kuzvinyorwa izvi zvevarume vavo vatsvene. Uye zvokuti vazhinji vavo vaiva vanamati vezvifananidzo, uye vakaunza kunyadziswa nekuzvidzwa kuvanhu, pasina kupokana vachenjeri ava vakakotamisa misoro yavo nekunyara. Asi, zvakadaro, zvino moto inoyera ichibvira, yaimiririra Mwari wechokwadi.

⁴⁴ Zvino ndinoona kubva mumuzinda uyu, mumwe aine mupumburu muruoko rwake. Zvino anobva aupa kuvachenjeri vakagara pashongwe yekuongorora, vachitarisa nyeredzi, uye nezvese zvichifamba zvakanaka muhumwe, sezvazvaiita husiku hwega-hwega, sekungogadzwa kwazvakaitwa naMwari.

⁴⁵ Zvino mukati umu, pavari kutaura pamusoro pekuwa kwehumambo, vakaverenga chikamu chaDhanieri, chakati, “Ndakatarira kusvikira dombo rachekwa kubva mugomo, pasina maoko, uye rikarova humambo hwenyika uye hukava se—sehundi paburiro. Uye dombo guru iri rakakura kuita gomo rakafukidza nyika yese. Uye humambo hwaVo huchava humambo husingaperi.” Tariro yavo ipapo yakamutsiridzwa kusvika panguva iyo humambo huzhinji hwaizoguma kuwa, zvino apo humambo hwaizoguma kuparadzwa, nokuti kwaizouya humambo hwekusingaperi hwakagadzwa naMwari mumwe chete wechokwadi mupenyu.

⁴⁶ Zvino pavaifunga pamusoro pezvinhu izvi, zveMagwaro, mumwe anofanira kunge akatarisa mudenga. Zvino paiva nemuenzi pakati pavo. Vakaona Chiedza chavakanga vasati

vamboona kumashure. Yaiva Nyeredzi yaiyevedza yakanga isati, kusvika panguva iyi, yaiva, kana kuti isati yamboonekwa nemeso evachenjeri ava. Asi heyoka iyo. Sei? Magwaro anofanira kuzadzikiswa.

⁴⁷ Unoti, zvino, “Hama Branham, munofunga here kuti Mwari vaizoshanda nevachenjeri ivavo?”

⁴⁸ Bhaibheri rakati, muna VaHebheru chitsauko 1 uye pavhesi 1, kuti, “Mwari, munguva dzekare, nenzira dzakasiyana-siyana,” mhando dzose dzemaitiro, “Vakataura kumadzibaba.”

⁴⁹ Zvakanyorwawo zvakare muna Mabasa 10:35, kuti, “Mwari havaremekedze munhu, asi Vanoremekedza avo, munyika dzose, vanoshuvira kuVashumira mukururama.” Kunyangwe uri mukukanganisa, asi, mukururama kwechi—chidokwa chemoyo wako chekuti unotoshuvira kushumira Mwari, Mwari vanoremekedza izvozvo. Saka, nokudaro, masangano haana miganhu yaanogona kuisa, iyo ingamisa Mwari pane chimwewo hacho chitendwa, nokuti Mwari vanotarisa pazvinangwa zvemoyo wemunhu, uye ipapo ndipo paVanoshanda kubva ipapo pachu.

⁵⁰ Uye tinoona kuti vachenjeri ava, vakatendeseka mumoyo mavo uye vachishuvira kuona Mwari vamwe chetevo vechokwadi, uye vachitarisira kuti chiporofita chaVo chizadzikiswe, icho chakati, “Ishe vachaMumutsa uye voita... humambo hwaKe hauzombova nemagumo. Huchava humambo husingaperi.”

⁵¹ Paiva panguva iyo Nyeredzi iya, yatinoziva nhasi inonzi Nyeredzi, yakaonekwa muchadenga. Ndinogona kufungidzira kuti vachenjeri ivavo, muhumwe, vakamira vasina kana neremuromo pavainge vakatarisa chishamiso ichi cheNyeredzi yakanga yashaisa maturo mirawo yehurongwa hwenyeredzi, uye yakanga yabva mumapoka makuru ezvisikwa zvemuchadenga, kuzozivisa chimwe chinhu pachaitogadzirira kuitika.

⁵² Ndinovimba kuti panguva ino munogona kuverenga pakati pemitsara uye moziva zvatiri kureva, kuti muzuva rino, Mwari vakashaisa maturo zvinhu zvose, kuti vaZvizivise, kuti Vapenyu nhasi, vakamuka kubva kuvakafa, muMutumbi waVo mukuru wekudenga. Mufananidzo uri pano waVo Mbune waizoshaisa maturo munhu wese asingatendi ari munyika. Vapenyu nokusingaperi. Mwari vanoita zvinhu nenzira yaVo pachaVo, isina kujairika.

⁵³ Asi, vakanga vakatarisa zviedza zvemuchadenga, asi Chiedza ichi chaita sechakasiyana nezvimwe zvose.

⁵⁴ Uye takatarisa, nhasi, zviedza muchechi. Takatarisa zviedza, zveMethodisti, Baptisti, Pentekosti, Presbyteriani.

⁵⁵ Asi kune avo vari kuMutarisira, panoita sepane Chiedza chakasiyana chakatanga kupenya, chiri kuMuzivisa. “Ndiye

mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.” Murunako rwaKe rukuru rwunoshamisa uye nesimba, rweMutumbi wekudenga wakatumwa muchimiro cheMweya Mutsvene, mumazuva ano ekupedzisira kuChechi, kuzivisa simba raKe rerumuko, uye Anogara ari Chiedza cheKusingaperi icho zvino chinogara pakati pevatiendi vaKe. Oo, zvakaishvonaka zvikuru kuona izvo zvacho zvaAnoitika!

⁵⁶ Zvino ipapo pavainge vakamira, vachikatyamadzwa, hapana akagana kutaura nemumwe, nekuti kubwinya kweChiedza ichi kwainge kwavakatyamadza.

⁵⁷ Oo, zvazviri nhasi, shamwari yangu inonzwisa urombo yakaparara, kuti kana munhu asati amboziva Simba raKe, kupa Chiedza chitsva uye nekupa tariro itsva, paanofamba achipinda muHupo hwaKristu Mbune Hutsvene, nekutenda kunomukatyamadza kune hushe hwaKe. Hazvina kufanana nekufamba uchienda kuartari wopa ruoko rwako rwerudyi kumushumiri, uyewo hazvina kufanana nekupinda mudziva kuti ubhabhatidzwe, kana kumira nechigoko kuti ugosaswa. Kufamba uchipinda muChiedza chausati wamboona kumashure. Ihoko yekutenda kwaMwari inodana chero chinhu chinopesana neShoko raMwari sekunge chisipo. Zvinoisa Hupenyu hutsva. Zvinopa tariro kune vari kufa. Zvinopa hushingi kune vakarukutika. Zvinopa kupodzwa kune vanorwara. Zvinopa maropafadzo kune vasina kuwanirwa nyasha. Zvinoshamisa zvikuru kupinda muChiedza cheHupo hwaKe! Haisi ngano. Uyewo hachisi chimwe chinhu chakagadzirwa, nemumwe munhu panyama, mupfungwa dzake. Asi, zviri kuuya zvakanganaga muHupo hwaMambo weKubwinya, Chiedza cheKusingaperi chaMwari mupenyu.

⁵⁸ Kana chimwe chinhu chaitika, chinodzika hoko yetariro iyoyo mauri, zvekuti hazvinei nokuti unozorwara zvakadini, mushure mazvo, zvirokwazvo hazvina zvazvinobatsira kuti dhiyabhore azame kukuyedza nechimwewo chinhu chinopesana. Zvakatodzika hoko nekusingaperi. Zvisinei kuti muvengi angakukonzera zvakadini kuti uedze kurarama hupenyu husina kunaka, hoko yako yakabata nekusingaperi, nekuti wapinda muHupo hwaKe, muChiedza chaMwari chakashandura munhu wako wemukati uye ndokuisa bhero remufaro weruponeso, richirira mumoyo mako, risina charinozivikanwa nezvaro nenyika, kuti wabva murufu uchipinda muHupenyu. Rufu nemimvuri yarwo zvabhururuka zvichibva pauri, uye watova chisikwa chitsva paunopinda muChiedza chaMwari ichi.

⁵⁹ Vachenjeri ivavo pavainge vakamira, vachikatyamara, vachitarisa Chiedza ichocho, pakupedzisira ndinonzwa mumwe achiti kune mumwe wacho, “Oo, ichi hachisi chiratidzo chakaishvonaka here chekuti pane chimwe chinhu chiri kuda kutoitika!”

⁶⁰ Zvechokwadi, nhasiwo, zvakare, patinouya muHupo hwaIshe Jesu, chiratidzo chaMwari chekuti chimwe chinhu chiri kuda kutoitika; Kuuya kwaKe kunobwinya kwechipiri kwave pedyo.

⁶¹ Zvino pavakatarisa, mumwe kune mumwe, uye mushure mechinguva... VakaItarisa, zvichida, husiku hwese. Yaipenya zvikuru! Yaitaridzika kujeka kupfuura dzimwe nyeredzi dzose. Zvaita sekunge vaisagona kubvisa maziso avo paIri, kuti vatarise chero imwewo nyeredzi.

⁶² Uye ndine chokwadi, kana tikaona Chiedza chikuru ichocho chaZiyendanakuenda chichipenya kuchiso chedu, hatizotarisa masangano edu, kutaura kuti, “Tiri maBaptisti, kana kuti tiri maPresbyteriani, kana kuti tiri maPentekosti,” kana chero zvazvingava. Tinongotarisa bedzi kuChiedza, uye torarama. Ndiye Chiedza Chekusingaperi.

⁶³ Uye pavainge vakaItarisa, zuva parakazonge rabuda... Pamasikati vanorara zuva rose. Ndakavaona vakagara mumigwagwa muIndia, vakapfunya rusero, vakaisa misoro yavo pamwe chete; sezvo ivo vairara masikati, uye husiku vaienda kunotarira nyeredzi, vachitarisa kana paizova nekumwe kufamba.

⁶⁴ Ndeavo chete vari kuMutarisira vachaMuona. Ndeavo bedzi vanotenda maAri vachafadzwa nemaropafadzo aKe. Ndeavo bedzi vanotenda mukupodzwa vachagamuchira kupodzwa. Ndeavo bedzi vanotenda muruponeso vacharwuwana. Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda. Asi, pakutanga, hazvifanire kunge zviri zvepfungwa yenyama zvakangofungwawo. Chinofanira kuva chizaruro chakananga chakatumwa kubva kuna Mwari voga, uye patinotarisa.

⁶⁵ Tinoona, husiku nehusiku, vaiChitarisa. Vakakurukura nezvaCho. Vakatarisa Magwaro, uye mukutsvaga. Ndinoona mumwe achiuya, uye oti, “Hechinoi chimwe chinyorwa chechiHebheru. Chinobva kune mumwe wevaporofita vavo, ane zita rekuti Bharamu. Zvino akati, ‘Pachasimuka Nyeredzi kuna Jakobho.’” Uye vakaona Magwaro achizadzikiswa. Oo, mwoyo yavo yakafara zvikuru!

⁶⁶ Uye zvinofanira kuita kuti mwoyo yedu ifare zvakadii, kuziva kuti muzuva rino rakaipa ratiri kurarama mariri zvino, kuona Zvinyorwa zvitsvene zvaMwari zvichizadzikiswa nekuzarurwa kwatiri seChiedza chikuru chinotsvaga pamusoro pehupenyu hwedu.

⁶⁷ Zvino, mushure mechinguva, pavainge vakaChitarisa, zvinoshamisa humwe husiku Chakutanga kufamba. Zvino tinogara tichifamba neChiedza. Zvino Chiedza chakutanga kufamba kuenda kumadokero. Nekukurumidza vakarongedza ngamera dzavo nemari yavo yese. Vakatakura zvipo. Uye ndinovaona pavanotora rwendo rwavo, vachitevera Chiedza,

nokuti vaiziva kuti chaiva Chisikwa chekudenga. Chaifanira kuratidza chimwe Chiedza chakachidarika.

⁶⁸ Ndizvo zvazviri nhasi, shamwari, patinoona nyeredzi ichipenya, tinoziva kuti ichadzera chezuva. Patinoona mwedzi uchipenya, tinoziva kuti ichadzera chechiedza chakaudarika.

⁶⁹ Patinoona chechi ichipenya, tinoziva kuti ichadzera cheChiedza chakaidarika, Chiedza chisingafi uye cheKusingaperi. Asi kana tikazvisvibisa, toshandura mwoyo yedu, torasa kutenda kwedu, zvino toti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura, uye hakuna chinhu chakadaro sezvizvi zvachose,” tiri kufuratira Chiedza chaMwari Chekusingaperi.

⁷⁰ Uye pavaifamba zvavo, ndiri kuvaona vachibva kumakomo uye vachienda kumateru ekumadokero. Vakatevera materu aya zasi kusvika kuRwizi Tigris, zvino ikoko ndokutevera Tigris yakakura ndokuramba vachidzika kusvika vapinda muBhabhironi, vakayambuka zambuko paYufatesi, havo ndokudzika, vakatenderera nenyika dzeParastina. Vachifara! Vafamba husiku nokuti kwaitonhorera muhusiku, kuti vafambe nemumagwenga. Chimwe chaiva chokuti, nyeredzi dzaipenya murima, saka vakatotevera Chiedza. Uye Chiedza ichi ndicho chaiva mutungamiriri wavo.

⁷¹ Zvino vakati vachisvika, pakupedzisira Chakasvika kuJerusarema. Asi, paChakasvika kuJerusarema, Chakadzima. Chakangoerekana chanyangarika pavakasvika kuJerusarema, nekuti yakanga yava nguva yavo zvino yekuvheneka Chiedza.

⁷² Uye vachidzika nemigwagwa yakakombama-kombama yeguta guru iroro, vachidzika nemigwagwa yeguta guru rekare repasi rose, potse, Jerusarema; pane imwe nguva raive chigaro chaMerkizedheki mukuru, uko vaporofita vakuru vekare nevanyori vakanga vanyora nezvaro. Asi mukurarama kwavo kwehusimbe, kwenyama, kwakadzungaira, kusina humwari, Chiedza cheEvhangeri chaive chadzima.

⁷³ Uye hepano paiva neMarudzi, muguta remaJudha, vachidanidzira, “Aripiko akaberekwa Mambo wemaJudha? Nokuti takaona nyeredzi yaKe kumabvazuva uye tauya kuzoMunamata.” Chiitiko chinoshamisa zvakadini chezuva rino, O Baba vane tsitsi, patinotarisa nokufunga! MaJudha akavata chaizvo kusvikira vachenjeri, Marudzi ekumabvazuva, vakanga vabva kunyika dziri kure-kure, vachifamba kunotsvaga Mambo wemaJudha, uye hapana chavakaziva nezvazvo.

⁷⁴ Nhasi uno, Mwari vakatora varume, vakomana nevasikana zvichida vasina kudzidza zvinodarika dzidzo yekupuraimari yoga, vakasimudzwa nesimba reMweya Mutsvene, vari kudandidzira munzeve dzechечи, “Ari pano musimba raKe guru, kuti aZvibhedhenure nekuzivisa,” uye chechi hapana chainoziva nezvazvo.

⁷⁵ Vauya kuzopa ruremekedzo. Vauya kuzopa rukudzo kuna Mambo wemadzimambo. Uye chechi, mukukotsira kwayo kwechisangano, haina kana chainoziva nezvaCho. Ava vanotori havo vatorwa. Maitikiro azvo, mhuka idzi dzinodikanwa zvikuru, padzaiva nemachira adzo ane mifananidzo ari ekumabvazuva akarembere padziri, nezvishongo zvakarembere. Uye sekutaura kwakamboitwa naPhilon, “Vaisava madzimambo, asi vaive—vaive vanhu vakuru zvakakwana kuva vaenzi vaMambo vanoremekedzwa.” Zvino havoka, vagere kumusana wemhuka idzodzo dzine chiremerera, pavari kufamba nemumigwagwa, vachiti, “Aripiko uyo akaberekwa ari Mambo wemaJudha?” Bhaibheri rakataura kuti, “Jerusarema rose naHerodhiwo zvakare vakatambudzika.” Chapupu chavo chakadenha chimwe chinhu.

⁷⁶ Hazvina kunyanyisa kuipa here nhasi, kuti chechi haigone kusimuka kubva muhupenzi hwayo hwezvidzidzo zvayo zvechitendero, kuti ione simba raKristu mupenyu, akamuka pamwe neKubwinya kwaKe; apo kufamba kunosanganisira masangano ose kusina kudzidza, kusina fundo yechikoro, kuri kufamba pasi rose? Huyai muone Kubwinya kwaMwari mupenyu. Mweya Mutsvene uri kuburuka sezvaWakangoita pamavambo. Magwaro anofanira kuzadzikiswa, zvino hawoka panguva yekupedzisira.

⁷⁷ Uye vachenjeri ava pavaifamba nemumugwagwa, vakadenha kubva kuna mambo kusvika kune murindi wepamasuwo, neshoko iri, “Aripiko? Ari kupiko?” Vakanga vasina mhinduro.

⁷⁸ Uye, nhasi, apo masputnik ari kupararira mumatenga, apo zviratidzo zvekuparadzwa zvachose zvave pedyo; apo madzimai nevarume vari kudakadzwa nechivi uye vachirarama mune zvisina humwari, vanhu vanodanidzira, “Zvinoreveiko izvi?” uye chechi haina kana mhinduro. Yakatorara zvayo.

⁷⁹ Asi Mweya Mutsvene, Chiedza chaMwari chisingafi uye Chekusingaperi, chiri pano kuvhenekera pana ani naani anoda uye achigona kuChigamuchira.

⁸⁰ Chiedza chakanga chadzima. Vakanga vachipa chapupu chavo. Uye pakupedzisira vakadana Sanihedrini pamwe chete, kuti vave nemusangano wedare remakurukota. Zvino vachenjeri nevaporofita vakauya, nemuporofita mudiki, muporofita mudiki wepasi, ainzi Mikaya, chiporofita chake. Zvino vakaudza mambo, “Zvakanyorwa zvichinzi, ‘Iwe Bheterehema, hausiwe here mudukusa pakati pemachinda ose aJudha? Asi kubva mauri muchabuda Mubati achatonga vanhu vaNgu, Israeri.’ Nokudaro, kunofanira kunge kuri kuBheterehema uko Kristu achazoberekwa, iye Mambo wemaJudha.”

⁸¹ Saka, hapana aizovaudza kuti vangasvika sei kuBheterehema. Asi vakafamba vachibuda napamusuwo, uye,

pavakabva muguta iroro rerima, Chiedza chakaoneka pamberi pavo zvakare. Nyeredzi yakaonekwa. Uye Bhaibheri rakati, “Vakafara nemufaro mukuru kwazvo.” Vanofanira kunge vakatombodanidzira zvishoma. Vakafara nemufaro mukuru kwazvo. Vakashamiswa zvikuru. Ivo...Nyeredzi yakanga yaonekwa kuti ivatungamirire kumagumo avo ekupedzisira erwendo rwavo.

⁸² VakaItevera. Zvino vakacherechedza kuti Yadzika zasi kudarika zvaYaimbova. Yatongova pedyo zvishoma zvino. Uye pakupedzisira apo...Vakafambira mberi, vachifara nekurumbidza Mwari, muhusiku hwose, vachitungamirirwa neruoko rwaShe. Asi pakupedzisira Nyeredzi yakasvika padanga duku, rakanga riri nzvimbo duku padivi pechikomo, rimwewo bako, zvino ipapo Nyeredzi yakazorora pamusoro pebako racho. Zvino vachenjeri ava vane simba, vave zvinodarika gore nemwedzi 6 murwendo rwavo, vari munzira yavo, vachifamba, vachitarisa, vasingatevere chimwe chinhu kana mamwewo mafambiro kunze kweNyeredzi iyoyo. Uye paYakazororapo, vakapinda mukati uye imomo vakawana Mwana wacho, Josefa naMaria. Uye vakaunza zvipo kubva mubhokisi ravo repfuma. Vakapa kwaAri, ndarama, zvinonhuwira nemura.

Dai tanga tiine nguva! Ngatimbomirai zvishoma.

⁸³ Ndarama yaimirirei? Akanga ari Mambo. Akanga asiri kuzoitwa Mambo; Akatozvarwa ari Mambo. Akanga ari Mambo weKusingaperi waMwari. Akanga ari Mambo, saka vakapa ndarama.

⁸⁴ Uye vakapa zvinonhuwira. Mafuta anonhuhwirira, anodhura zvikuru, akanakisisa acho aigona kuwanikwa. Zvinonhuwira zvairevei, zvinonhuwirira? Aiva munhuwi unotapira kuna Mwari, nekuti Akafamba kwese-kwese achipodza vanorwara nekuita zvakanaka. Ndarama, nokuti Akanga ari Mambo. Zvinonhuwira, nokuti Akanga ari munhuwi unotapira kuna Mwari. Hupenyu hwaKe hwakaVafadza kwazvo, zvekuti Mwari vakafema hutsvene nerunako rwaKe, nokuti hwaiva hutsvene hwaVo pachaVo hwuchiratidzwa maAri.

⁸⁵ Oo, dai taigona kuva munhuwi unotapira, dai hutsvene hwaMwari hwaigona kuratidzwa matiri; kusvika tafamba kwese tichiita zvakanaka, saJesu weNazareta, kusvika wava munhuwi unotapira kunaShe.

⁸⁶ Asi, tinokakavara, tinoita nharo, tinopopota, tinopokana, ndicho chikonzero zvichiva gutukutu mumhino dzaMwari. Hupenyu hwedu hwaive huchipinda nekubuda munzvimbo dzatisingafanirwe kunge tiri. Tinotaura zvinhu zvatisingafanirwe kutaura. Tinoita zvinhu zvatisingafanirwe kuita. Tinokakavara nekutora divi nenyika, uye toramba Kristu

munguva huru dzakaoma. Ndicho chikonzero tisingakwanise kuva munhuwi unotapira.

Asi, Iye aiva, uye vachenjeri ava vakapa zvinonhuwira.

⁸⁷ Zvino vakaMupawo mura, zvakare. Uye chero ani zvake anoziva kuti mura muti unodhura zvikuru asi unovava. Mura, ko mura yaimirirei? Chibayiro chaKe chikuru chepamusoro-soro. Hupenyu hwaKe hwudiki, hwakapwanyiswa, paKarivhari, zvivi zvenyika pazvakamupwanya kuita zvidimbu-zvidimbu. Ndarama, nokuti ndiMambo. Zvinonhuwira, zvehupenyu hwaKe hunotapira, hune rudo. Uye mura, nokuda kwechibairo chaKe kuvatadzi, chekuti Akafa. “Ipapo Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu. Kurohwa kwakatiunzira rugare kwaiva paAri, uye nemavanga aKe takapodzwa.” Ndosaka vakaMupa mura.

⁸⁸ Vachinge vayambirwa naMwari muchiroto, vakaenda neimwewo nzira. Havana kudzokera, asi rwendo rwavo—rwavo rwakanga rwatopera. Nyeredzi yakanga yapedza rwendo rwaYo.

⁸⁹ Nyeredzi inorevei kwatiri, nhasi, shamwari? Dhanieri anotipa mhinduro, Dhanieri 12:3. Yakati, “Avo vakachenjera uye vanoziva Mwari wavo vachapenya senzvimbo dzomuchadenga dzedenga; uye avo vanotendeutsa vazhinji mukururama vachapenya senyeredzi nokusingaperi-peri.”

⁹⁰ Tinombori chiiko, nhasi, zvino? Tiri nyeredzi. Mukristu wese akaberekwa patsva anotova chapupu kuna Ishe Jesu Kristu, nyeredzi inoratidza simba pamwe nehutsvene hwaIshe Jesu; kuMuratidza muhupenyu hwake; kumukwanisa mukutaura kwaKe, kumukwanisa musimba raKe rekupodza, kumukwanisa murumuko rwaKe; kuMuratidza nenzira dzose dzaAkaratidzwa nadzo kwatiri naMwari Baba. Tiri nyeredzi.

⁹¹ Tarisai! Unofanira kuva mhando ipi yenyeredzi? Nyeredzi iyi yaisatungamirirwa nesimba raYo iyo. Yaitungamirirwa nemasimba ekudenga aMwari Samasimba. Uye kana tiri kuzoratidza vatadzi kuna Kristu, tinofanira kutungamirirwa neMweya Mutsvene. VaRoma 8:1, yakati, “Naizvozvo iye zvino hakuchina kupihwa mhosva kune avo vari muna Kristu, vasingafambi munyama asi muMweya.” Kana tichizova nyeredzi, kuratidza Chiedza chaKristu, kuunza vatadzi kwaAri, tinofanira kutungamirirwa neMweya Mutsvene. Ndizvozvo!

⁹² Uye hatigoni kuva vanhuwo zvavo. Tinofanira kuva vanhu vasina kujairika. Hatigone kuva vanhu vakajairika, nekuti vanhu vaMwari vanhu vakatosiyana. Vagara vakadaro, mukufamba kwemazera.

⁹³ Kunyangwe yaive nemusiyano, zvisinei hazvo Nyeredzi yacho yaipenya zvikuru. Kwete kupenya nedzidzo yenyika, munyaya dzenyika, asi yaipenya sechibayiro pamberi paShe. Tinozvizvambaradza, sezvakaitwa nevachenjeri muHupo hwaMambo wamadzimambo, kuratidza Chiedza chaKe.

⁹⁴ Iwe uri nyeredzi. Mukristu wese inyeredzi, kutungamirira vakarasika, kutungamirira vakaneta, tsoka yemufambi, kune avo vari kutsvaga. Zvino, nyeredzi haigoni kuzvitungamirira pachayo, inofanira kutungamirirwa neMweya. Inofanira kuratidza kubwinya kwaMwari muhupenyu hwayo, kuramba zvinhu zvenyika, nekurarama zvine humwari uye zvakadzikama muhupenyu huno. Inofanira kuratidza Chiedza cheMukuru wayo akapenya.

⁹⁵ Tinofanirwa kuiteiko zvino? Kusimuka, uye tovhenekera Chiedza chaMwari kune vari kufa. Murima guru renyika ino, tinofanira kuratidza nekuvheneka Hupo hwaIshe Jesu musimba raKe rinomutsa. SezvaAri nezuro, ndizvo zvaAriwo nhasi uno, kuMuratidza.

⁹⁶ Asi rangarirai, zvino, Nyeredzi, zvakare, kana yapedza rwendo rwayo, haizvitorere rukudzo. Nyeredzi yakangounza varume ava kumagumo erwendo rwavo, ndokuvaratidza Chiedza chiya chakakwana.

⁹⁷ Uye isu, senhengo dzeMutumbi waKristu, mangwanani ano, shamwari, tiri zviedza zvaMwari, asi hatizvitorere rukudzo pachedu. Kana tiine murwere wedu—wedu, newedu—wedu... munhu watiri kutungamirira; kana tava navo, tinofanira kusazvipa rukudzo uye tovatungamirira ku “Chiedza chikuru uye chakakwana chinopenya, kuvhenekera nzira yemunhu wese anouya panyika,” Ishe Jesu Kristu. Kwete imwe ngano inonzi Santa Claus, kwete imwe chechi kubudikidza nesangano; asi Chiedza chiya chechokwadi uye chakakwana, Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.

Ngatinamatei.

⁹⁸ Nemisoro yakakotamiswa kuguruva kwawakatorwa naMwari; rimwe zuva, sechokwadi chekuti nyeredzi dzinopenya husiku, uye zuva rinopenya masikati, uri kuzodzokera kuguruva iroro. Kana uri pano, pazuva rino tichinopinda muKrisimasi, uye uchida kuva neMweya Mutsvene kuti ukutungamirire kune Muponesi, uye woMugamuchira nenzira iyoyo, ungasimudza ruoko rwako kwaAri here woti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi. Vhenekera munzira yangu pandinofamba zuva nezuva. Uye nditungamirirei, pokupedzisira, kuChiedza chiya chakakwana, kuitira kuti hupenyu hwangu hugone kubatana nehwaKe uye ndichava neChiedza chisingafi, chaZiyendanakuenda.”

⁹⁹ Ishe vakuropafadzei, hanzvadzi yangu inodikanwa; nemi, hanzvadzi yangu; imi, hama yangu; imi kumashure uko, hama; nemi, hanzvadzi; nemi, hama yangu. Mwari vanoona maoko enyu. Oo, imi hanzvadzi, Ishe vanokuonai. Hongu, neche apa, amai, Ishe vanokuonai, zvirokwazvo.

¹⁰⁰ “O Jesu, tumirai Mweya Mutsvene mangwanani ano, tungamirirai hupenyu hwangu hunonzwisa urombo hwakatsauka. Ndakamhanya ndikajoinha imwe

chechi; ndaiva muKatorike, uye ndikazova muBaptisti, ndikazovazve muPresbyteriani. Ndakaenda kumaPentekosti. Ndakatongoenda kwese hako. Uye ndakazoziva, Ishe, ndi—ndinongoshaya kuziva; handitozive pandimire. Asi regai Chisikwa ichocho chekudenga, regai Chisikwa ichocho chekudenga chiri Nyeredzi yeMangwanani, Mweya mukuru waMwari, unditungamirirewo nhasi kunzvimbo iyoyo maAri kwandinoda kuva, kwandinogona kuita moyo wangu chidziro chezvipfuwo ndigotakura Iyeye; kuti Anditungamirire nemumimvuri yose, mipata yemimvuri yerufu, kuti handizova nekutya pandinosvika zasi kumugwagwa iwoyo.”

¹⁰¹ Pangava nemumwezve here tisati tavhara? Mwari vakuropafadzei, changamire; nemi, changamire; nemi, changamire. Hongu, iyoyo yakava nguva huru yevarume, changamire. Pane imwe yacho vaiva madzimai kunyanya; panguva ino varume ndivo vasimudza maoko avo. Chokwadi, vaiva varume vachenjeri vakauya, vachitsvaga, vachitevera Chiedza. Mwari vari kukuda. Mudiki Mar- . . .

¹⁰² Maria mudiki naJosefa vakanga vapinda muguta, zvino ikoko Jesu ndokuberekwa. Panguva yakasvika vachenjeri ava, vange vatora nguva refu vachiuya, asi pakupedzisira vakanga vasvika panhongonya yavo huru, yavakanga vatungamirirwa neNyeredzi. Zvino wanga uchida kuva Mukristu kwenguva refu, pamwe wakatora rwendo rwakareba. Ino ndiyo nhongonya mangwanani ano, zvichida, pari zvino uchaMugamuchira seMuponesi wako pauri kuMutakura mumoyo mako. Mumwezve, tisati tavhara kudanira vanhu kuartari uku? Ishe vakuropafadzei. Zvakanaka chaizvo. Maita henyu.

¹⁰³ Uye zvino vangani vangataura muno kuti, “O Ishe, sezvandakaudzwa neMagwaro, asingagoni kukundika, kuti mumura iyi yakapiriswa kwaMuri, yakamiririra imomo, kudururwa kwehupenyu hweNyu. ‘Makakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, nemavanga eNyu takapodzwa.’ Makarohwa zvinorwadza padanda rekurohwa, kuti maronda eNyu agotipodza. Ndinoda simba reNyu rekupodza, nhasi, Ishe. Mungabvisawo here kupokana kwese kuri muhupenyu hwangu? Kubvisei kubva kwandiri, kuti ndisambofa ndakapokanazve. Uye regai ndiuye kwaMuri mukuzvininipisa, iko zvino, uye ndiKutendei kuitira kupodzwa kwangu.”

¹⁰⁴ Ungasimudza ruoko rwako here, kuti, imi vanhu vari kurwara? Ishe vakupe chikumbiro chako, shamwari yangu inodikanwa.

¹⁰⁵ UngaMupokana here? Zvirokwazvo kwete. Amire nhasi seMwana weEsta kana kuti . . . seMwana we—weKrisimasi, Mwanakomana waMwari, Uyo akazvikwanira muna zvose. Anopa chose chinodiwa. Anopa chose chinodikanwa chaunenge uri kunyatsoda. IngaMugamuchira. Chii chatinoudzwa kuti

tiite muBhaibheri? “Kuturika maoko pane vanorwara uye vachapora.”

¹⁰⁶ Zvino, Baba voKudenga, ndinounza kwaMuri boka diki iri revanhu raMatumira mangwanani ano kuti rigonzwa Mharidzo iyi yeNyeredzi. Kuti Munoshanda nevanhu vemhando dzose muhupenyu! Munoshanda neanotengesa zvinodhaka zvisiri pamutemo. Munoshanda nechidhakwa. Munoshanda nemusayendisti. Munoshanda nemudzimai wepamba. Munoshanda nemushumiri. Munoshanda nenhengo yechechi. Muri Mwari. Muri mukuru kwazvo zvekuti hapana anokwanisa kuKupunyukai. Uye avo vakaperera mumoyo yavo, Munoratidza tsitsi kwavari vedzinyika dzose nezvitendwa zvose.

¹⁰⁷ Saka tinoKutendai mangwanani ano nekuda kweavo vasingadziwa maoko avo, vamwe 20 kana 30, ndingafungidzira kudaro. Uye ndinonamata, Mwari, kuti nguva ino chaiyo, iko zvino, kuti Chiedza chikuru chaZiyendanakuenda uye chisingafi chigopinda mumoyo yavo, kuti vawane rugare rwepfungwa urwo rwavakashuva nekutsvaga, nekujoinha machechi ne—nekupfuura nemune zvimwe zvitevedzwa. Asi dai Mwera Mutsvene wapenya pavari.

¹⁰⁸ Sezvakataurwa naIsaya, “Vanhu ava vaive vagere murima guru, asi Chiedza chikuru chapenya pavari.” Itai, Ishe, kuti ipapo chiporofita ichi chizadziswe nhasi mumoyo iyi iri kuKushuvirai. Vapei rugare rwuya runopfuura kunzwisisa kwose, nekuvapa kugutsikana kwakakwana kwekuti vasangana neMi uye vataura neMi, uye vava kwaMuri hupenyu hwavo, vose vakaputsika nokubvamburwa; kuti iMi, nendarama yeNyu, zvinonhuwira nemura, mugovapodza nekuita kwavari vanhu, midziyo inoremekedzwa yekubwinya kweNyu iMi. Zviiteiwo, Ishe.

¹⁰⁹ Uye zvino kune vanorwara nevanotambudzwa, pane hurongwa hwaMakatipa, kuti tinofanira kunamata uye toisa maoko pamusoro pavo. Uye Makataura, mashoko ekupedzisira akabva pamiromo yeNyu inokosha, “Endai munyika yose muparidze Evhangeri. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; uye kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.”

¹¹⁰ Tinoziva nezvemumwe, musikana mudiki anodikanwa arere pano, akabhururutsa nendenge nevadikanwi vakatendeka vanobva kuFlorida, uye ari padanho rakaoma zvikuru iye zvino. Apo, varanda veNyu vazhinji vakanyengereta. Uye—uye vanachiremba vazhinji vakatarisa ndokuzunguza misoro yavo, vakati, “Hapagone kuva nechimweze chinhu apa.” Asi ndinofara zvikuru kuti amai vadiki, neavo vane hanya, havasi kuda kutora izvozvo semhinduro. Vakatsunga mumoyo kuona kuti dombo rose haro rakungurutsa. Kana vakangowana nyasha naMwari mupenyu, mudiki wavo anodikanwa

achapodzwa, uye agorarama. Oo, zviiteiwo, Ishe, pamwe chete nevamwe vagere pano.

¹¹¹ Vazhinji vagere pano mangwanani ano, vanogona kusimuka vachipa huchapupu sezvakaita vachenjeri, “Takaona nyeredzi yaKe kumabvazuva.” Vazhinji vanogona kusimuka vachiti, “Takaravira kunaka kwaKe, uye takanzwa simba raKe rekupodza,” rakabvisa pamitumbi yavo, kenza, nemeso akapofomara, nemitezo yakaremara, nezvirwere zvemhando dzose. Uye tiri kudandizira rumbidzo dzaKe, nenzwi redu riri pamusoro, munyika dzose, Ishe.

¹¹² Regai ava, mangwanani ano, vana veNyu vari pano nhasi zvino, vave saizvozvo vagoverani vemaropafadzo aKe. Patiri kuita mabasa edu sevashumiri, kunamata nekuisa maoko pamusoro pavo, itai, Ishe, kuti vagopodzwa muZita reMwanakomana weNyu, Ishe Jesu, Iye akati, “Kumbirai Baba chero chinhu muZita raNgu, Ndichachiita.” Ko tingagozvipokana sei, ivo Mwari vakazvitaure? Sekungova chokwadi chekuti zviporofita zvaDhanieri zvakatoadzikiswa, sekungova chokwadi chekuti Mwari vanorarama, Shoko rose rinofanira kuzadzikiswa. Uye ndinonamata kuti Muzviye kuitira kubwinya kwaKe. Amen.

¹¹³ Zviri mukutenda kwangu kwakaninipa zvikuru, nekuperera nekuvimbika kwemoyo wangu, kuti kana varume nemadzimai zvino vari pano masimudza ruoko rwenyu kuti mugamuchire Ishe Jesu seMuponesi wenyu...Ndinoziva kuti zviri mutsika kuunza vanhu kuartari. Zvakanaka izvozvo. Handina chandinopesana nazvo. Asi kuuya kuartari, unogona kungoita chinhu chimwe chete, chinova icho, kuudza Mwari kuti unotenda kuti Vakuponesa. Nokuti, panguva yaunoreva zvaunotaura, paunosimudza maoko ako, Mwari vanokugamuchira pakupupura kwako ipapo chaipo. Washaisa maturo mirawo yesimba regiravhiti, uye zvimwe chetezvo seNyeredzi iya yakashaisa maturo mirawo yehurongwa hwenyeredzi.

¹¹⁴ Hurongwa hwenyeredzi hunofamba maringe nehumwe hurongwa. Ndiyo nzira yahunofanira kufamba nayo. Asi Nyeredzi iyi yakazvishaisa maturo, yakapfuura nepamusoro pazvo zvole, nokuti Mwari ndivo vakanga vari kutungamirira.

¹¹⁵ Nhasi hurongwa hwamazuva ose hunoti vazhinji venyu pano munofanira kufa. Chiremba aita zvole zvaanogona kuita. Ndizvozvo chaizvo. Asi Mwera waMwari mupenyu unozvidza izvozvo, wakati, “Ndichakutunagamira kusvika kumagumo.” Hazvinga, zvingasaitika munguva pfupi-pfupi. Vakatsungirira, sevaiona Iye asingaoneki. Abrahamu akapihwa vimbiso, ndokumirira kwemakore 25 zvisati zvaitika, asi akaenderera mberi akadana chose hacho chaipesana nevimbiso yacho sekunge chaisavapo.

116 Handaizombomira pano pazuva rino rekunopinda muKrisimasi ndotaura zvinhu izvi pamberi peboka diki rino revanhu dai ndisina chandinoziva kubva pane zvandanga ndichitaura nezvazvo.

117 Nezuro, mudzimai wacho anogona kunge ari pano, zita rake ndiMai Wright. Muri pano here, vanobva kuNew Albany, Mai Wright? Vazhinji venyu munogona kuvaziva. Vari, ndinotenda, mudzimai anozivikanwa zvakananyanya muNew Albany. Shumiro yekupedzisira yekunamatira vanorwara pano, apo... Ndakanga ndisingazive; paiva pekunzvera zvakananzika. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

118 Manheru eSvondo inotevera, Ishe vachitendera, tingangogona kuedza kunzvera zvakananzika. Hatigone kuva nako Svondo mangwanani, zvakana, nekuti makaona Svondo yakapfuura mangwanani, sevhiki, zvakanzika. Munooni, vanhu havapinde muno nenguva yekuti vapinde mumutsara, nezvimwe zvakanaro, pamangwanani, nekuti mune ndiro dzenyu dzekusuka, nezvimwe zvakanaro. Asi, neSvondo manheru, tichazviedza zvichida manheru eSvondo inotevera, Ishe vachitendera.

119 Tiri pakunzvera zvakananzika ipapo, pangori nenyaya imwe chete yandiri kuda kutaura nezvayo, mushure mekunge ndakuudzai nezvaMai Wright.

120 Havana kukwanisa kusvika pano. Vanachiremba vekuNew Albany, ndinogona kudana mazita avo, asi haungambove huchenjeri kuti ndidaro, nekuti kazhinji havadi kudaro, kuti iwe uiiite izvozvo. Tinoedza kugara nerugare nevanhu vose, nekugoneka kwose.

121 Uye tinoda vanachiremba vedu. Vanachiremba, zvichida, vagere pano mangwanani ano. Ndine shamwari dzakawanda vanachiremba, varume vakanaka, varume veChikristu vanovimba naMwari. Havasi vapodzi; vanongori vanhuwo zvavo. Uye zvavanogona kuita, panyama, vanozviita. Vanongobatsira zvisikwa. Hava... Vanoisa bvupa panzvimbo yaro; vanobvisa chiri kukanganisa, zvimwe zvakanaro. Asi Mwari ndivo vanotozosika zvizenga. Mwari ndiVo voga vanokwanisa kupodza, kana—kana kuumba zvizenga zvenyama; hapana mushonga unogona kuzviita.

122 Zvino, mudzimai uyu aive neropa rakagwamba raive pamoyo pake. Aiva nemakore ekuma 60. Aive akazvimba zvakaipisisa kusvika awedzera kukura nemumhu sehwaaiwa nahwo mazuva ose. Zvino vakafona pafoni, mudzimai wangu akandiunza pafoni, ndokuti, “Billy, ivo... mumwe mudzimai ari kuda kutaura newe, ari muNew Albany.”

123 Ndikati, “Zvakanaka, hanzvadzi, huyai, mangwanani ano. Tiri kuzova nesevhisi yekunamatira vanorwara kumusoro uko kutabhenakeri.”

¹²⁴ Akati, “Hanzvadzi yangu inodikanwa,” akati, “ndinoshuva kuti dai ndaigona kumuunza, asi haatombogoni kana kufamba.” Ndokubva ati, “Ari kutofa izvozvi.” Ndokuti, “Hapana kana tariro paari.” Uye akati, “Takanzwa pamusoro pezvinhu zvikuru zvakaitwa naMwari neminamoto yenyu. Hamungangomunamatirawo here? Munga uyawo here?”

¹²⁵ Ndakati, “Handikwanise kuuya. Asi munogona here ku isa fon i panzeve yake?”

¹²⁶ Akati, “Ndinotenda kuti ndinogona kufambisa mubhedha wake.” Zvino akafambisa mubhedha wacho, ndokupa mudzimai uyu; aitotadza kutaura chaiko.

¹²⁷ Ndakati, “Kana mukangotenda chete!” Kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zvinotarisirwa. Kwete zvaunongofunga chete; asi zvaunonyatsoziva. Kutenda ndiko. . .

¹²⁸ Ndakati mumwe musi weSvondo, “Dai ndainge ndichiziya nenzara, zvino ndokumbira. . .” Rofu rimwe chete rechingwa raizoponesa hupenyu hwangu, uye wondipa 25 senzi; ndaitongofara sezvandaizongoita nechingwa, nekuti pane chingwa chakawanda ipapo.

¹²⁹ Uye pane simba rakawanda rekupodza. “Kana uchigona kutenda,” ndiyo 25 senzi yacho; ndinogona kufara. Nokuti, zvichida chingwa chacho chiri mamaira 10 kubva pandiri, asi, kana ndiine 25 senzi, kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zvinotarisirwa. Ndiri kungofara ne 25 senzi iyoyo sekunge ndiri kutodya chingwa chacho, kunyange ndichine rwendo rurefu rwekufamba; kupfuura nemuhova, nekuyambuka mazambuko, nepamusoro pezambuko retsoka rematanda, uye wodzika uchipfuura nemurukato, mepamusoro pechikomo. Ndinogona kutowedzera kunzwa nzara nguva dzose, kusvikira ndava nemarwadzo; ndiine nzara kwazvo. Asi ndichafara nguva dzose, nokuti ndakabata 25 senzi, chinotenga chingwa chacho, zvisinei nemamiriro ezvinhu.

¹³⁰ Abrahama akafara kwemakore 25, akabata kutenda mumoyo make kuti Mwari vaikwanisa kuita izvo zvaVakanga vavimbisa. Uye akawana zvaakakumbira.

¹³¹ Mudiwa anodikanwa apo, hanzvadzi. Zvisinei nemamiriro acho ezvinhu, tora 25 senzi iyoyo, kutenda ikoko, k-u-t-e-n-d-a. Kutore mumaoko ako, kutore mumoyo mako, uti, “Zvisinei nezvinoitika. . .” Zvino haugone kuva nekutenda kwekabanga. Unofanirwa kunyatsotenda. “Mwana wangu achararama, nokuti mumoyo mangu. . .Mwari vakaita vimbiso, uye ndine kutenda kwekuzvitenda.” Zvino ipapo zvimwe zvese zvinobva zvava zvenhema. Munoono? Mwari vanoita kuti zvifambe zvichipinda chaimo muchiyero ichocho—ichocho.

¹³² Mudzimai uya akandifonera nezuro. Pane vamwewo vakadaira fon i yacho; aisada izvozvo. Mudzimai wangu akaenda

pafoni ipapo; aisada izvozvo. Aitoda kutotaura neni. Akati, “Hama Branham, ndiri kurumbidza zita renyu.”

Ndikati, “Zita rangu? Muri kudarirei?”

Akati, “Oo, dai maingokwanisa kundiona chete!”

Ndikati, “Saka rumbidzaika Mwari, ndiVo vacho Vakazviita.”

¹³³ Akati, “Ikoko vanachiremba havatokwanise kuwana kana chidimbu chacho cheropa rakagwamba. Chakapararira uye hapachisina. Uye ndanyatsopora, ndiri kufamba kwese-kwese ndiine hutano hwakanaka, hutano hwakanakisa hwandakambova nahwo atove makore.” Zita ravo ndiMai Wright. Vanogara zvino... Vakandiudza zita ravo rekutanga. Pane imwe nzvimbo muNew Albany, handizivi iko zvino.

¹³⁴ Tiri pakunzvera zvakavanzika, Svondo yapfuura, raive vhiki, ndakamira pano, ndikati, “Handisi kuda kana mumwe chete wevanhu vepatabhenakeri pano. Ndiri kuda avo vasiri vepatabhenakeri. Regai Mweya Mutsvene utaure.” Asi neimwe nzira, kumashure-shure kune imwe nzvimbo kune rimwe divi kana rimwewo, paiva nemumwe muchinda mudiki aiva nezita rokuti Hickerson, tese tinoziva Hama Hickerson. Ivo mukombe chaiwo wechokwadi wenyasha dzaMwari. Uye vakangoverevedza ndokugara pasi pevamwe vanhu. Ndakanga ndisingatombovaziva. Asi Mweya Mutsvene wakanga watozvigadza zvese. Vaitarisa nepasi peruoko rwemumwe murume, vakagara kumashure uko, uye handina kuziva kuti aive ani.

¹³⁵ Zvino ndakati, “Muchinda mudiki akanditarisa, nepasi peruwoko rwemurume uyo. Ari kunyengetera pamusoro pemumwe mudikani, ndinotenda, mukoma kana tsano, kana chimwewo, anga ari muchipatara chevakarasika njere; pfungwa dzake dzaparara, uye hapachina tariro yekuti achazombopora.” Zvino Wakati, “ZVANZI NAJEHOVHA. Achadzokedzana.” Uye muchinda mudiki uyu akazvitenda, asi handina kuziva nezvazvo kwemazuva mushure mazvo.

¹³⁶ Zvino nezuro vakamubuditsa kubva muchipatara chevakarasika njere muKentucky, se, “munhu kwaye, akanyatsopora, zvakakwana.” Uye hama yedu diki yechiMethodisti, Hama Collins, mumwe mukombe wenyasha dzaMwari. Vanogona kunge vari pano mangwanani ano. Vose vari vaviri, vose zvavo, vanogona kunge vari pano. Vakauya kumba kwangu manheru apfuura, naHama Palmer vanobva kuGeorgia, uye vaitaura kuti mukomana uyu akapfuura nepo, munzira yake kuenda kuLouisville, mushure mekunge abuditswa kubva muchipatara chevakarasika njere. Akatoponeswawo, zvakare, uye aienda zasi kunogadzirisira kukanganisa kwake kwese kwezvaakanga aita; mumwe mukombe. Nyasha dzaMwari dzisingafi!

¹³⁷ Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Usarega muvengi achikubiridzira. Pane Chiedza chisingafi chiri kupenya; Chiedza ichocho chisingafi ndiJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Tenda kwaAri. Zvisungirire mumoyo mako. Zvigamuchire sekutenda.

¹³⁸ Ngatinamatei uye toziva, toisa maoko pamusoro penyu, tichikuzodzai nemafuta, tarisai zvichaitwa naMwari, zvisinei nemamiriro ezvinhu.

¹³⁹ Jesu akati, muna Marko 11:24, Akati, “Kana ukati kugomo iri, ‘Dzurwa ukandirwe mugungwa,’ uye worega kupokana mumoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, uchawana zvawataura.”

¹⁴⁰ Zvino regai nditaure kubva muduramazwi, ndiro rechiGiriki repamavambo. Hezvino zvarinotaura. “Kana ukati kugomo iri, ‘Simudzwa ugokandwa mugungwa,’ uye worega kupokana mumoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuwana zvawataura.”

¹⁴¹ Pawakati, “Gomo, ibvapo,” zvino iro roramba rakamirapo, woti, “Zvino, hazvina kuitika”? Oo, zvakaitika. Pawakati, “Gomo, famba,” zvichida tsanga imwe chete yejecha yakasununguka, kubva mumazana emabhiriyozi nemabhiriyozi ematani. Tsanga imwe chete diki ndiyo yakafamba, asi zvakatotanga kuitika. Bata kutenda ikoko ugotarisa gomo iro richinyangarika. Zvirokwazvo.

¹⁴² Uchati mumoyo mako, “Chirwere, ibva pamwana wangu. Chirwere, ibva pamutumbi wangu, muZita raIshe Jesu,” uye worega kupokana. Ipapo chaipo zvizenga zvehutano zvinotora nhumbi itsva dzekudzivirira nechombo chitsva, zvino muvengi anotanga kudzokera shure. Atokundwa nekuti Kristu, mukunwa mura yaKe paKarivhari, akakunda dhiyabhore nemasimba ake ose. Uye Akamutorera zvese zvaaiva nazvo, uye haasi chinhu kunze kwekuva wenhema; anogona kupfuurira mberi nazvo, achazviita.

¹⁴³ Takatsunga, nenyasha dzaMwari, kuparidza Evhangeri nekutatidza Chiedza chaKe kusvikira Achiuya.

¹⁴⁴ Zvino, Ishe, zvimwe zvose zvava kwaMuri. Isu zvino tichadana vanhu ava, uye dai Mweya Mutsvene wauya kutabhenakeri diki ino ugogadzira kutenda mumoyo wese, pavanomira nekuuya pano kuzonamatirwa. Dai vakabva pano nhasi voita sevarume vachenjeri vaya; pavakaona Nyeredzi zvakare, mushure mekanguva kerima, vakafara nemufaro mukuru kwazvo; uye dai vanhu ava vadaro, pavari kuzodzwa nekunamatirwa. Jakobho akati, muEvhangeri, “Danai vakuru uye muvaite kuti vavazodze nemafuta nekuvanamatira. Munamoto wekutenda uchaponesa vanorwara.” Dai vanhu vafara nemufaro mukuru kwazvo, vachiziva kuti kutenda

kwaMwari kwapinda mumoyo yavo, uye vachawana zvavanokumbira.

¹⁴⁵ Zvino, Baba, Makaita chikamu cheNyu. Ndaita zvese zvandinogona kuita, kunze kwekuisa maoko pamusoro pevanhu nekuvazodza. Zvino zvimwe zvese zvichava zvavo. Dai zvikasakundika. Dai vhiri rose haro rewachi yaMwari isingafi rashanda zvakanaka mangwanani ano, varwere pavari kuzodzwa. Nokuda kwaJesu Kristu tinozvikumbira, muZita raKe. Amen.

Kana ukangokwanisa:

Tenda chete, ingotenda chete,
Zvinhu zvose zvinogoneka, chete . . .

¹⁴⁶ Rwiyo irworwo rwunoita chimwe chinhu kwandiri chaizvo! Mazana emitauro, ndakanzwa vahedheni nemaHottentot vachiimba irworwo ndichiuya papuratifomu.

¹⁴⁷ Mudzimai mumwe chete uyu, muridzi wepiyano mumwe chete, sekuziva kwangu, ndiye akazivisa rwiyo urwu kwandiri, makore 11 akapfuura, ndisati ndaenda mushumiro. Paul Rader, shamwari yangu, ndiye akarwunyora.

¹⁴⁸ Jesu, achiburuka mugomo, Akaona mukomana aiva nepfari. Vadzidzi hapana chavaigona kuita nezvazvo. Vakati, “Ishe, ivaiwo netsitsi nemwana wangu.”

¹⁴⁹ Akati, “Ndinogona kana uchitenda, nekuti zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete.” Ndipo apo Paul akawana rwiyo rwake.

. . .tenda chete;
Chete . . .

¹⁵⁰ Zvino tarisa kure nehurwere hwako zvino.

. . .tenda chete,

Haugone kuzviita here?

Zvinhu zvose zvinogoneka, chete . . .

¹⁵¹ Ingorangarirai, Akamira pano. Akaisvonaka. Akazvivimbisa. Anoratidza zviedza zvaKe; tarisai vamwe vachipodzwa. Chokwadi, munogonawo, zvakare. “Nditarisei,” murume bofu akapodzwa, munoona. Tarisai vamwe, tarisai kuti sei, ini zvangu, zvakaitwa naShe!

. . .goneka,

¹⁵² Vangani vanotenda kuti izvozvi une kutenda mumoyo mako kwekuti, “Ndinotenda kuti zvaringana. Ndinotenda kuti ndinogona kuMugamuchira iko zvino. Ndinotenda kuti ndinogona kutaura kuti ndichapora. Zvisinei kuti chii chinoitika, ndiri kuti kugomo iri rehurwere, ‘Simudzwa undisiye, kana vadikanwi vangu, kana chero zvazvingava.’ Uye ndinotenda kuti zvichaitika”?

¹⁵³ Tarisai zvinoitika. Chirwere ichocho chichatanga kubvaruka. Chichatanga kufamba. Chinhu chekutanga munoziva, chiremba achati, “Chii chakaitika pano?” Ndizvozvo, kana uchigona kutenda.

¹⁵⁴ Mungauryawo here, Hama Neville? Zvino itai kuti avo vari muchikamu ichi *pano*, vasimuke vomira kudivi *iri*. Uye imi muri muchikamu *ichi*, fambai muchitenderera kumashure mobva mauya, kana mungadaro, kuti tive nemutsara mumwe chete bedzi. Tichada kuti maeredha vauye kumberi, kuzomira nevanhu, pavanenge vachinamatirwa.

¹⁵⁵ Zvino, musikana mudiki, tichafamba zasi tononamatira mwana mudiki uyu akarara apa. Tichangouya ipapo chaipo paari.

¹⁵⁶ Ndinoda avo vari...vamwe vari kuzonamatirwa, endai kudivi iri zvino. Ndinoda kuti munhu wese ari muno ave mumunamato izvozvi. Muri chikamu chekuita neizvi. Maasha akamira kumusoro ikoko vachakutungamirirai mumutsara wamunofanira kumira muri panguva ino.

Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete.

Musatya, imi boka duku, kubva
pamuchinjikwa kuenda paChigaro chehushe,
Kubva murufu kuenda muhupenyu Akaenda
nokuda kwevaKe Iye;
Simba rose panyika, simba rose Kumusoro,
Rakapihwa kwaAri nokuda kweboka rerudo
rwaKe.

Nyeredzi yeKrisimasi iri kuti kudii zvino?

Tenda chete, tenda chete,
Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete;
Tenda chete, tenda chete,
Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete.

¹⁵⁷ Shamwari dzangu dzinodikanwa, pane vazhinji vari muno vari kukunamatirai zvino; varume vakanaka nemadzimai akanaka, vane hutsvene, madzimai nevarume vane humwari.

¹⁵⁸ Hama yangu Neville vamire pano parutivi rwangu, avo vandaziva kwemakore kuva munhu ane humwari. Vanhu vanouya pano vanobva kunze kweguta, vanondifonera pafoni, voti, “Ndiani muchinda mudiki uya, ari mufundisi wenyu? Ndipeiwo kero yake; ndinoda kumunyorera tsamba. Anoratidzika semunhu akaperera kwazvo.” Ndinofara zvikuru kuti ndinogona kutaura kuti, “Uye mumwe wevanhu vane humwari hwakanyanyisa wandinoziva.” Anorarama zvaanoparidza nezvaanotaura zvacho. Ane chinu chekuzodza muruoko rwake.

Mwari vane simba racho muruoko rwaVo.

¹⁵⁹ Une kutenda here mumoyo mako? Kana uinako, zvinotofanira kuitika. Kunze uko, hevano vashumiri, vanhu vane humwari vagere pano vachange vachikunamatirai. Chimwe chinhu chinotofanira kuitika zvino.

¹⁶⁰ Chimwe chinhu chakusvitsa pano; yanga iri Nyeredzi, zvino, Nyeredzi, Nyeredzi yeMangwanani. Zvino gamuchirai Chiedza chisingafi, cheKusingaperi. Sezvamungori, tinotevera nzira iyi, sekukubhabhatidzai, kana chimwe chinhu, munoono. “Zodzai vanorwara nemafuta, vanamatirei; munamoto wekutenda uchaponesa vanorwara.”

¹⁶¹ Jesu akataura, mashoko ekupedzisira kuChechi yaKe, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; vachaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Nemamwe mashoko, ndingataura izvi, kuzviisa mumashoko amungazviziva nawo, “Kwese kunoparidzwa Evhangeri iyi, pasi rose, Varanda vaNgu vachaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora.” Ndizvozvo. Maona?

¹⁶² Zvino pane chinhu chimwe chete chinozvipomera izvozvo, ndiko, kusatenda. Munoono, izvozvo hazvisi mukuti... kunyangwe kana—kana ini nehama tainge...tisina kana kukodzera kuparidza Evhangeri; zvinotori izvo, kuti hatina, kunze bedzi nenyasha dzaVo. Asi, zvisinei kuti tingavei, iShoko raVo. Ivo, haVasungirwe kugara nesu, asi Vanofanira kugara neShoko raVo, “Kana uchigona kutenda.”

¹⁶³ Zvino vangani kunze uko muungano vachange vachinamatira vanhu ava? Simudzai maoko enyu. Ndinoda kuti imi vanhu mutarise kunze uko. Ndiko kuri kuenda minamoto, yakananga Kudenga nekuda kwenyu zvino. Zvino musoro wose wakakotamiswa nemunhu wese achinamata, hama painenge ichizodza.

¹⁶⁴ Mirai zvishoma zvino, tiri kuzova nemunamoto weungano uyu weava vari pano.

¹⁶⁵ Ishe vane tsitsi, tiri kuenda mberi zvino sevaranda veNyu, kuti tiite basa revashumiri. Pane vazhinji pano, Ishe, vari mumutsara, vari kurwara zvikuru, kwazvo, pasina kupokana. Vamwe vavo vatova pedyo nerufu. Uye vamwe vavo vachiri muzvigaro zvavo. Semuenzaniso, musikana mudiki abva kuFlorida. Pane vamwe pano vanobva kuGeorgia nevanobva kunzvimbo dzakasiyana-siyana, vanobva kumusoro kusvika kuIndianapolis, vamwe vanobva uko kuOhio, vakaungana muboka duku rino mangwanani ano, vanga vakamirira pano vari mumahotera nezvose, vakamirira nguva yekuti vanamatirwe. Vanga vari mumisangano. Vakaona ruoko rweNyu rwuchifamba nekushanda. Uye ipo pano zvino... Ishe, bvisai nyaya yenhema yaSanta Claus uye mugounza kwavari chipo chechokwadi cheKrisimasi. Vapei hutano hwakanaka iye zvino, Ishe, nokuti vauya vachitenda.

¹⁶⁶ Uye tiri kuuya, takamira pakati pavo naIshe Mwari weKudenga, kuvanyengeterera, kunamata nekupa kutaura kweizwi redu isu, takavamiririra. Dai pakasava nemumwe wavo, Ishe, anotadza kuva nekutenda.

¹⁶⁷ Tinoziva kuti Shoko rinozvitaure. Tinoziva kuti tinozvitenda. Zvino, Ishe, dai vakazvitendawo uye vogamuchira zvavakumbira. Tinoenda mberi zvino sevamiririri vaKristu, pamwe chete neungano yese yechechi iyi, tichinyengetera muhumwe kuitira kupodzwa kwavo. Ngazvive saizvozvo. Uye pavanoenda, ngavaende nemufaro mukuru kwazvo nekuti chi—Chitubu chemambakwedza chasvika patiri. Zviedza zvinopenya zveKudenga zvauyawo nenzira yedu, uye tiri kuona Ishe Jesu vakamuka muSimba raVo neKubwinya. Amen.

¹⁶⁸ Mudzimai uyu paari kuzodzwa, muZita raIshe Jesu, tinoisa maoko pamusoro pake, uye tokumbira kuti hurwere hwake hugopodzwa neruoko rwaMwari Samasimba, muZita raJesu. Amen.

¹⁶⁹ Mwari vakuropafadzei. Endai munozvigamuchira, muZita raIshe Jesu.

¹⁷⁰ Pavari kuzodzwa, muZita raIshe Jesu, tinokumbira kuti chishuwo chemoyo wavo chigopihwa, muZita raIshe Jesu. Amen.

¹⁷¹ Pavari kuzodzwa nemafuta, tinoisa maoko pamusoro pehama yedu, muZita . . . 

57-1222 Chiedza Chikuru Chinopenya
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org